

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa pakakas utama dina kahirupan manusa pikeun ngedalkeun pikiran jeung rasa. Basa di hiji wewengkon jeung wewengkon séjén ngabogaan perbédaan. Ieu téh luyu jeung sipat basa yén basa téh *arbiter*, hartina ma'na basa ditangtukeun ku masarakat pamakéna éta basa.

Basa Sunda mangrupa basa anu aya jeung nu dipaké ku urang Sunda. Minangka salasahiji bagian tina kabudayaan, basa ngabogaan kalungguhan anu penting. Ku sabab kitu perlu ayana usaha ngamumulé basa Sunda téh ku cara ngagunakeun dina kahirupan sapopoé.

Anu jadi tujuan pangajaran basa Sunda ngawengku tilu tujuan nya éta sangkan murid mibanda kaparigelan makéna basa, pangaweruh anu jembar ngeunaan basa, jeung tangtungan nu hadé kana basa katut sastrana.

Sakumaha anu geus ditétélakeun di luhur, yén basa téh ditepikeun sacara lisan atawa tinulis. Basa lisan bisa dipaké antara anu nyarita jeung anu diajak nyarita, sedengkeun basa tulisan dipaké antara anu nulis jeung anu maca.

Dina pangajaran basa, Tarigan (1994:1) nétélakeun aya opat kaparigelan basa anu perlu ditepikeun ka siswa nya éta kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Dina prakprakanana prosés diajar ngajar ieu kaparigelan téh silih pangaruhan antara kaparigelan hiji jeung anu séjénna. Éta kaparigelan téh dibagi kana bahan pangajaran pamahaman jeung bahan pangajaran penggunaan. Bahan pangajaran pamahaman ngawengku kaparigelan ngaregepkeun jeung maca

sedengkeun bahan pangajaran penggunaan ngawengku kaparigelan nyarita jeung nulis.

Tujuan pangajaran nulis miharep sangkan siswa mampuh ngébréhkeun gagasan, pamadegan, kahayang, pangalaman, anu ditepikeun dina wangun tinulis, boh anu sipatna imajinatif atawa non imajinatif. Kamampuh nulis téh ngawengku sababaraha kamampuh saperti kamampuh ngawasa gagasan anu diébréhkeun, mampuh ngagunakeun unsur-unsur basa, mampuh ngagunakeun wangun karangan, mampuh ngagunakeun gaya jeung mampuh ngagunakeun éjahan sarta tanda baca (Rusyana, 1984:191).

Dina nulis, utamana nulis karangan éksposisi bisa diukur kamampuh ngagunakeun basa utamana anu patali jeung éjahan. Nurutkeun Sudaryat (2007: 52) karangan éksposisi nya éta wacana anu eusina ngajéntrékeun tur medar hiji objék, prosésna, tujuanana, pikeun ngajembarkeun pangaweruh hiji jalma.

Salasahiji tarékah pikeun mikanyaho siswa dina ngagunakeun éjahan nya éta ku jalan murid dititah nulis atawa ngarang otomatis ngagunakeun aturan nulis atawa éjahan. Nurutkeun Sudaryat (2005:25) éjahan nya éta aturan atawa palanggaran nuliskeun lambang-lambang sora ku basa. Éjahan téh patali jeung aturan makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung tanda baca. Éta téh luyu jeung pangajaran éjahan saperti anu dijéntrékeun ku Tarigan (1994:30) yén

Tujuan pangajaran éjahan adalah menolong orang-orang mempelajari kata-kata yang mereka perlukan untuk menulis sebagai orang dewasa dan kata-kata yang diperlukan dalam penyajian karya tulis mereka baik di dalam maupun di luar sekolah.

Panalungtikan anu geus aya ngeunaan éjahan nu kacatet di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI Bandung nya éta "Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Arguméntasi Mahasiswa Tingkat Ahir Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah" ku Nani Haerani, "Analisis Kasalahan Éjahan dina Kumpulan Carita Pondok pikeun Bahan Pangajaran di SMP" ku Lia Marlia, "Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas III SMU Pasundan 1 Bandung" ku Rita Rosita. Éta tulisan ngan ukur nalungtik ngeunaan analisis kasalahan éjahan, acan ngukur tingkat kamampuh ngalarapkeun éjahan. Ku kituna, judul ieu panalungtikan nya éta "Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung".

1.2 Watesan Masalah

Watesan masalah dina ieu panalungtikan diperlukeun pikeun nangtukeun arah panalungtikan sarta leuwih museur kana tujuan. Ku kituna, masalah baris diwatesanan kana kamampuh ngalarapkeun éjahan dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.

1.3 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta dirumuskeun dina kalimah tanya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh makéna aksara dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung?

- 2) Kumaha kamampuh nuliskeun aksara dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung?
- 3) Kumaha kamampuh nuliskeun kecap dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung?
- 4) Kumaha kamampuh nuliskeun unsur serepan dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung?
- 5) Kumaha kamampuh ngagunakeun tanda baca dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan ieu nya éta pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan hal-hal nu patali jeung kamampuh ngalarapkeun éjahan nu ngawengku ieu di handap.

- 1) Kamampuh makéna aksara dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 2) Kamampuh nuliskeun aksara dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 3) Kamampuh nuliskeun kecap dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 4) Kamampuh nuliskeun unsur serepan dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 5) Kamampuh ngagunakeun tanda baca dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ieu dipiharep bisa méré informasi ngeunaan hal-hal nu patali jeung kamampuh ngalarapkeun éjahan nu ngawengku ieu di handap.

- 1) Kamampuh makéna aksara.
- 2) Kamampuh nuliskeun aksara.
- 3) Kamampuh nuliskeun kecap.
- 4) Kamampuh nuliskeun unsur serepan.
- 5) Kamampuh ngagunakeun tanda baca.

1.6 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Kaparigelan nulis mangrupa salasahiji tina opat kaparigelan basa.
- 2) Éjahan nya éta aturan atawa palanggeran nuliskeun lambang-lambang sora ku basa. Éjahan téh patali jeung aturan makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung tanda baca.
- 3) Hiji kontruksi kabahasaan bakal diajén bener atawa salah dumasar kana kaédah basana.

1.7 Wangenan Oprasional

Istilah-istilah nu kudu dipedarkeun dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Kamampuh nya éta asal kecap mampuh, anu ngandung harti kuat atawa bisa, sedengkeun kamampuh nya éta kakuatan atawa kabisa (LBSS). Patalina jeung panalungtikan di dieu nya éta kamampuh ngalarapkeun éjahan dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 2) Éjahan nya éta aturan atawa palanggeran nuliskeun lambang-lambang sora ku basa. Éjahan téh patali jeung aturan makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung tanda baca.
- 3) Karangan éksposisi nya éta wacana anu eusina ngajéntrékeun tur medar hiji objék, prosésna, tujuanana, pikeun ngajembarkeun pangaweruh hiji jalma.
- 4) Siswa nya éta dina basa Sunda murid. Murid nya éta jalma anu keur guguru, anu keur diajar di sakola (LBSS). Dina ieu panalungtikan siswa dijadikeun objék pikeun meunangkeun data hususna kamampuh ngalarapkeun éjahan dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 5) SMP nya éta lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan. Dina ieu panalungtikan lokasi anu digunakeun nya éta SMP Pasundan 3 Bandung.

1.8 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta salasihiji méthode anu bisa ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan aktual ku jalan nempuh léngkah-léngkah, ngumpulkeun, ngaklasifikasikeun, analisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan jeung nyieun laporan. Dipilihna ieu méthode, sangkan bisa leuwih museur dina ngungkulan masalah-masalah nu keur disanghareupan.

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Téhnik tés dina ieu panalungtikan gunana pikeun ngukur tingkat kamampuh ngalarapkeun éjahan siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung. Tés anu dilaksanakeun nya éta nyieun karangan éksposisi jeung menerkeun karangan.

Data panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun téhnik tés, data dina wangun karangan éksposisi dikumpulkeun saharita. Jadi, ieu panalungtikan maké pamekaran “one shot” modél.

Téhnik ngolah datana nya éta risét déskriptif anu sipatna éksploratif. Ku lantaran wangun datana kuantitatif, téhnik ngolah datana nya éta dibandingkeun sarta dijumlahkeun jeung jumlah anu dipiharep, tuluy diperséntasekeun (Arikunto, 1996:144).

Instrumén panalungtikan mangrupa tés, tés anu digunakeun nya éta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan ngaliwatan nyieun karangan éksposisi jeung menerkeun karangan, nu diukurna nya éta tés kamampuh makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung ngagunakeun tanda baca.

1.9 Lokasi jeung Sampel Panalungtikan

Lokasi dina ieu panalungtikan nya éta SMP Pasundan 3 Bandung. Sampel dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII A SMP Pasundan 3 Bandung salaku kelas pilihan.

Nangtukeun sampel saperti di luhur ngagunakeun téhnik *purposive sample*, nya éta nangtukeun sampel dumasar kana tinimbangan-tinimbangan anu tangtu (Arikunto, 1996:128). Alesan digunakeunana ieu penyamplingan téh lantaran siswa kelas VII A salaku kelas pilihan, dianggap bisa leuwih hadé narima pangajaran jeung bisa leuwih hadé nyieun karangan éksposisi ti batan kelas-kelas séjénna.

